

22 septanm 2021

Chè Fanmi Ascend yo:

Pandan tout pandemi COVID-19 la Ascend mete yon kontwòl sere sou sitiyasyon dinamik sante piblik nan kominote nou an ansanm ak konsèy pou lekòl kap evolye toutan nan vil la ak eta a. Nou mete ajou pwotokòl ak politik nou yo pou reponn ak nouvo done oswa pratik kap parèt chak fwa sa sipòte misyon nou pou sèvi san danje, elèv nou yo, anplwaye yo, ak kominote a.

Kòm ou gen anpil chans pou konnen, gen kèk chanjman enpòtan ki fèt dènyèman eki gen enpak sou kominote nou an:

- Majistra Vil New York dènyèman te anonse chak anplwaye depatman edikasyon yo pral oblije pran vaksen otòn sa a.
- FDA apwouve vaksen Pfizer konplètman epi yo te antisipe apwobasyon konplè vaksen Moderna ak Johnson ak Johnson ap swiv yon ti tan.
- Pousantaj transmisyon ak enfeksyon nan kominote yo ap monte rapidman pandan nouvo varyan viris la kontinye ap gaye - sitou nan mitan popilasyon ki pa vaksinen.

Konfòmeman avèk peyizaj la kap chanje, epi sak pi enpòtan, pou yo asire sante ak sekirite elèv nou yo - kote pi fò nan yo poko kalifye pou yo resevwa yon vaksen, Ascend deside modifye politik nou an sou vaksinasyon ***granmoun***. Nou envite fanmi yo gade nouvo politik vaksen pou granmoun [SIT LA](#).

***Dapre regleman sa a, tout anplwaye, kontraktè, entèn ak volontè pral oblije pran vaksen an avan 1mye desanm 2021.*** Egzanpsyon ka fèt pou rezon medikal ak relijye. Objektif nou se bay kominote Ascend nou an yon anviwonman ki toujou gen sekirite epi bon pou lasante kote moun aprann bon bagay.

Tanpri sonje, pa gen ***okenn chanjman nan politik vaksinasyon elèv*** nou yo e nou kontinye swiv [Egzijans Vaksinasyon Eta New York pou Antre / Prezans nan Lekòl](#).

Mèsi pou patenarya san fay ou ak konfyans ou nan Ascend pou sèvi fanmi ou.

Sensèman,

Recy Benjamin Dunn  
Direktè Jeneral